



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 12 out 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN NOUVO LWA KI POU KONBAT KOMÈS ILEGAL IVWA EPI PWOTEJE ESPÈS KI MENASE YO**

***Lwa ki konsakre ak Defen Lt. John Fitzpatrick Kreye Amann pi Sevè pou Fè Prevansyon Vant Ilegal, Aktivite Vann ak Achte Atik ki fèt ak Ivwa***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen yon nouvo lwa pou fè prevansyon komès atik ivwa ilegal atravè ranfòsman amann penal ak sivil pou moun kap achte ak vann kote aksyon yo ap detwi popilasyon elefan nan lemond antye. Lwa a entèdi vant ivwa elefan ak mamout ak kòn rinosewòs, avèk kèk ti esepsyon pou pwodi tankou antikite yo rekòtè pou gen 100 lane pou pi piti epi ki gen sèlman yon ti kantite ivwa. Adopsyon sanksyon pi sevè sa yo se yon gwo etap pou kwape komès ivwa a nan peyi Etazini epi pwoteje espès enpòtan.

“Jounen jodi a, Eta New yo pran pozisyon kont yon endistri danjere ak kriyèl kap menase zannimo atravè lemond,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Limite mache a pou atik ivwa pral ede mete fen ak masak elefan ak rinosewòs epi voye yon mesaj klè nou pap pèmèt komès ivwa ilegal kontinye nan New York. Mwen mande lòt eta ak peyi vin jwenn nou nan travay pou pwoteje espès menase sa yo pou jenerasyon kap vini yo.”

Akòz demann pou espès sovaj ilegal tankou ivwa, brakonye ap masakre elefan epi vann ivwa pou gwo lajan. Dapre Wildlife Conservation Society yo tiye 96 elefan chak jou pou alimante komès ivwa a. Kòm konsekans aktivite ilegal sa, kèk espès elefan ak rinosewòs menase pou yo disparèt. Yo kwè New York se pi gwo mache ivwa nan peyi Etazini.

Pandan sesyon lejislatif ane sa, Gouvènè Cuomo ak lidè lejislatif te travay ansanm pou devlope yon pwojèlwa dyanm ki entèdi tranzaksyon ki enplike materyo ki fèt ak ivwa, ak kèk ti esepsyon. Nouvo lwa ki siyen jodi a ogmante kantite aktivite ki ilegal nan new York epi ogmante amann penal ak sivil pou anpeche moun vyole lalwa.

Gouvènè a te siyen lejislasyon sou World Elephant Day, yon jou ki konsakre ak ogmantasyon priz konsyans epi sipòte pou sitiyasyon difisil elefan Azyatik ak Afriken ak abita yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon anplis nan <http://worlddelephantday.org/>.

Nan lane 2012, yon investigasyon New York State Environmental Conservation (DEC), U.S. Fish and Wildlife Service ak biwo Manhattan District te fè ansanm te pèmèt up sezi ivwa elefan ki vo plis pase \$2 milyon dola nan bijou ki baze nan Vil New York. Dapre lwa jodi a, pandan yo te sezi ak detwi pwodi a, amann yo enpoze sou òfèv yo te ba nèt. Investigasyon sa te mete aklè bezwen pou gen plis sanksyon pou diminye wòl New York nan komès ilegal sa.

Nouvo lwa ki konsakre pou onore Lt. John Fitzpatrick, yon Ofisye Pwoteksyon Anviwonman depi lontan nan DEC, ki te alatèt investigasyon sou vant ivwa ilegal, te ede kreyasyon nouvo pwosedi pou pran pèmi ivwa epi te ogmante priz konsyans sou bezwen ki genyen pou ogmante pwoteksyon espès andanje. Lt. Fitzpatrick te mouri nan dat 7 me 2014 nan laj 46 zan.

Komisyonè DEC a, Joe Martens, te di konsa, "Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a pran yon mezi dyanm pou diminye epi avèk anpil chans elimine komès ivwa ilegal la nan New York, yon etap enpòtan pou ogmante pwoteksyon mondyal pou popilasyon zannimo esansyèl. Nouvo dispozisyon lwa sa tabi nòm sevè. Pou onore memwa ak travay san pran souf Lt John Fitzpatrick, DEC pral veyatif nan aplike nouvo lwa sa epi kontinye efò li yo pou stope komès ivwa nan Eta New York."

Senatè Andrew Lanza te deklare, "Komès ilegal ivwa elefan se yon kriz entènasyonal kote yo te touye 35.000 elefan afriken nan lane 2012 la sèlman. Brakonye yo ki sipòte teworis ak komès dwòg la ap aji san yo pa jwenn pinisyon epi yo te jwenn tolerans nan mache vil New York ak Azi kap resevwa yo. Nou pral fè yon diferan isit nan New York ak nouvo lwa sa ki pral mennen plis kondanasyon ak pèn penal pi di. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Manm Asanble Sweeney ak tout pwotektè ak defansè lanati yo ki te elve vwa yo kont laterè sa."

Manm Asanble Robert Sweeney te di konsa, "Nouvo lwa sa pral pwoteje elefan y ap masakre nan yon kantite 96 chak jou pou satisfè mache ivwa vanity a ak pou finanse teworis. Adopsyon pwojè lwa sa a rekonèt enpak enpòtan eta nou an kapab genyen sou diminisyon lavant ilegal ivwa elefan nan fason pou sove elefan yo kont aktivite san pitye brakonye yo ki dirije pa teworis ak krim òganize kap disparèt."

John Calvelli, Vis Prezidan Egzekitif WCS pou Zafè Piblik epi Direktè kanpay 96 Elefant lan, te di konsa, "Nou onore pou n pataje moman istorik sa ak Gouvènè a ak kantite sipòtè kap grandi a nan mete fen ak komès ivwa a nan Eta New York, premye enpòtatè ivwa nan peyi Etazini. Nou espere lidèchip Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta New York la pral fè lidè nan monn lan double efò yo pou ede sove elefan pou jenerasyon kap vini yo."

Peter Lehner, Direktè Egzekitif Natural Resources Defense Council (NRDC) a te di konsa, "Jodi a New York vin yon lidè nan batay mondyal la pou sove elefan atravè lemond. Nouvo lwa revolisyonè sa pral mete fen ak wòl New York kòm pi gwo mache ivwa nan peyi Etazini epi kreye yon modèl pou lòt eta ak

peyi atravè lemond yo swiv. Epi li pral ede garanti ti rès twoupo elefan Afrik ki rete yo pa elimine pou biblo ak ak pèl.”

Brian Shapiro, Direktè Eta New York pou Humane Society of the United States, te di konsa, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak lejislatè eta a pou adopsyon epi vòt lejislasyon enpòtan sa kap pwoteje elefan ak rinosewòs, elimine trafikasyon espès sovaj epi mete fen ak wòl New York nan komès ivwa elefan ak kòm rinosewòs entènasyonal kriminel la. Kokenn sipò lejislatif la ak piblik la pou pwojè lwa enpòtan sa yo se yon temwayaj pou lidèchip depi lontan New York nan zafè mondyal tankou pwoteksyon espès kap disparèt. Grasa entèdiksyon komès ivwa ak kòm rinosewòs, New York ap bay yon solisyon entelijan ki nesèsè anpil pou sove elefan ak rinosewòs kont yon kriz brakonaj mondyal san parèy.”

Pwokirè Manhattan nan, Cyrus R. Vance, Jr., te di konsa, “Mache ivwa ilegal la se yon pwoblèm entènasyonal ki mande solisyon lokal. Chak grenn moun ki enplike nan mache ivwa a- depi nan brakonye pase nan enpòtatè rive nan vandè ak achtè – konplis nan kriz ki konsène plizyè espès. Lwa sa ogmante amann kòm sadwa kont moun kap jwe yon wòl enpòtan nan disparisyon posib yon espès. Mwen felisite Gouvènè a ak Lejislati Eta a pou piblikasyon lejislasyon kap pwotej zannimo epi onore eritaj Lt Fispatrik la.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE